

Egzijans pou

Elijibilite

Pou w elijib pou pwogram sa a, fòk ou:

- Abite nan eta Indiana
- Fè dyagnostik VIH pozitif
- Gen nivo revni ki pi ba pase 300\$ nan Nivo Povrete Federal la (FPL)
- Enskri nan yon plan preskripsyon Medicare (sètadi., Medicare Pati C oswa D)
- Travay avèk yon manadjè dosye nan yon sit swen ki finanse pa Ryan White pou enskri nan epi rete enskri nan pwogram sa a

Pale ak manadjè dosye a pou wè si w elijib.

Pwoblèm Kouvèti

Si w resevwa yon fakti oubyen si famasi w mande w peye pou preskripsyon w yo, kontakte manadjè dosye w a touswit. Y ap ka travay ansanm ak Pwogram Sèvis VIH la pou revize sityasyon an epi ede rezoud nenpòt pwoblèm.

Pwogram Asistans Medikaman Medicare

Ou ka petèt elijib pou asistans ak depans pou preskripsyon nan Medicare k ap soti nan pòch ou, e sa a ap ede w aksede medikaman ou bezwen pou sante ak byennèt alontèm.



Division of
**HIV/STI and
Viral Hepatitis**



Indiana
Department
of
Health

[in.gov/health](https://www.in.gov/health)

**Pwogram Asistans
Medikaman Medicare**





Apèsi

Pwogram Asistans Medikaman Medicare la, yo konn rele li MDAP tou, bay soutyen nan pataje pri pou endividi ki enskri nan yon plan preskripsyon Medicare (sètadi, Medicare pati C oswa D).

Kijan pwogram lan mache?

W ap enskri nan yon plan asirans segondè ki administre pa Unified Group. Plan sa a kouvri 100% nan depans k ap soti nan pòch ou—ki enkli ko-peman, ko-asirans, ak franchiz—pou medikaman. Sepandan, li aplike sèlman pou medikaman ki kouvri pa plan preskripsyon Medicare ou a deja.

Konbyen kat mwen pral resevwa?

Ou ta sipoze gentan genyen kat plan preskripsyon Medicare ou a deja. Yon fwa w enskri nan pwogram lan, w ap resevwa yon kat k ap soti Unified Group tou. Anba a gen kèk egzanp kat plan preskripsyon Medicare ou ak kat Unified Group ou pral resevwa a. Asire w bay famasis ou toude kat yo lè w ap plen preskripsyon w yo pou asire yo faktire kòrèkteman.

Kat Plan Preskripsyon Medicare (Asirans Prensipal)

Capital	
MEMBER NAME	Preauthorization
ID # YWW80000000000	Group # 00123456 Plan 361
	Office Visit \$X
	Specialist Visit \$XX
	Urgent Care \$XX
	Emergency Room \$XXX
RxBIN: 610455	RxPCN: CAPDG2
RxGrp: H3923	ISSUER(80840) H3923-XXX
MEDICARE PPO	Capital Blue Cross Dental
Capital Blue Cross Vision	MedicareRx

Unified Group (Asirans Segondè)

Unified Claims, Eligibility and Benefits Inquiry: 800.291.9837 www.unifiedcare.com	
Member	Pharmacy Plan
Plan: ISDH Plan Name	RxBIN: 123456
Group #: 12345	RXPCN: M99954
Client: Client Name	RXGRP: 123456
Member ID: 123456789123	www.procarerx.com
	Pharmacy: 800.213.5640

Kilè kouvèti a ap aktif?

Pwogram sa a ap aktif apati vandredi nan semèn Pwogram Sèvis VIH la trete aplikasyon an (lendi pou jedi). Si yo trete li nan vandredi, l ap vin aktif nan pwochen vandredi a.

Konsèy

- Pou anpeche entèripsyon nan kouvèti, asire w renouvle enskripsyon w nan pwogram lan ak manadjè dosye w chak sis mwa. W ap oblije renouvle pandan mwa fèt nesans ou epi ankò sis mwa apre sa.
- Fè founisè swen sante w yo ak famasis ou yo konnen ou gen de plan asirans. Plan preskripsyon Medicare ou se kouvèti prensipal ou e yo sipoze faktire yo an premye. Unified Group se asirans segondè w, ki kouvri depans k ap soti nan pòch ou, epi yo sipoze faktire yo apre plan prensipal ou a.
- Toujou pòte ni kat asirans prensipal ou, ni kat asirans segondè w nan tout konsiltasyon kay doktè, randevou pou tès laboratwa, ak lè w ale nan famasi. Founisè yo mande toude kat yo pou yo asire faktirizasyon presi pou chak plan asirans.

Skane kòd QR anba a pou aprann plis bagay sou Pwogram Sèvis VIH la:

